Landstinget Kronoberg

Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

# Нагахь хьо дечу дарбана реза вацахь

Хьуна хила деззачу барамехь дарба дар тхан Iалашо ю. Цундела чIогIа ладам болуш ду ахь хьайн хетарг алар.

**Персонале вистхилар**
Хьайн хетарг уггаре хьалха хьайга хьожуш йолчу персонале, я жоьпаллин лоьре дийца.

**Пациентийн кхеташо**
Оцу дийцарех цхьа хийцам бацахь, хьан йиш ю Пациентийн кхеташонех дагавала. Пациентийн кхеташонехь даима кийча бу хьоьга ладогIа а, хьуна хьайна областех, областан коммунашкахь, дарба лелорех лаьцна хетарг дийцаре дилла а. Пациентийн кхеташонехь ахь дуьйцуш дерг цу юкъара арадолуш дац.

Пациентийн кхеташо декхар ю:

- пациентан а, персоналан а юкъаметтиг тоян
- пациенташна гIо дан, царна дарба дечарна хьалха церан интересаш ларъян хьокъехь
- уьш нийса агIор хьовсабан
- шайн гуш дерг а, къаьстина шайн нийса ца хетарг а дIахьахон, пациенте шега а, персонале а

## Дарба лелоран а, вахаран а доьзначух Национальни Кхеташона д1ахьедар

Дарба лелоран а, вахаран а доьзначух Национальни Кхеташона д1ахьедар
Хьан йиш ю Дарба лелоран а, вахаран а доьзначух Шведски Национальни Кхеташона д1ахьедар. Иза декхар ю дарба лелоран а, цергийн дарба лелоран а, болхбечу дарбалелорчарна а яздина жалобни кехаташ тидаме эцар. Хьан д1ахьедар чудала хьуна ца оьшу я г1алато яьлла волу стаган ц1е язъян а, я лазварна бахьан хаа а. Дарба лелоран а, вахаран а доьзна Национальни Кхеташоне таро ю къаьстан цхьан стаган лерар а доцуш, ткъа дерригa г1уллакх талла. Цу талларан коьрта 1алашо ю анпалан (проблеман) бахьан лахар а, т1аккха х1у дан деза из юха а ца хилийта а. Иштта, дарба лелор кхерамбоцуш хира ду. Нагахь санна хьуна оцу г1уллакханах лаьцна дукхо хаа ляахь, Пациенти Кхеташоне д1ахатта таро ю  хьа.
**Т1екхача таро йолу информаци:**
Socialstyrelsen
Enskildas klagomål
106 30 Stockholm

Интернет-аг1о www.socialstyrelsen.se/klagapavarden
Тидам бе! Хьан д1ахьедар цул т1ехьа нахалла даккхало хьа пурбанца.

Landstinget Kronoberg

Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

**ГIалатех страховани**
Больницехь муьлха кепар цхьа дарба дечу хенахь хьуна чов йинехь, гIалатех страхованин бакъо ю хьан. Цуьнан маьIан хIун ду аьлча, иза гIалатдалар хьуна ахчан барамех меттахIоттор ду. Оцу хиларх долу дIахьедар цул тIаьхьа 3 шо хан ялале дан деза. Пациетийн кхеташонац дагавала, хьан хаттарш делахь.
**Т1екхача таро йолу информаци**:
Landstingens Ömsesidiga Försäkringsbolag
Box 178 30, 118 94 Stockholm
Tel 08 551 010 00
Internet address www.patientforsakring.se

**Молханех страховани**
Хьуна Швецехь доьхкинчу молханах цхьа зен хиллехь, молханех страхованин бакъо ю хьан. Тидам бе! Хьуна иза зен хьан хьайн гIалатех, я побочни эффектах даьллехь, хьуна страховани ца йогIа. Молханех зен хиларх долу дIахьедар иза хиллачул тIаьхьа 3 шо хан ялале дан деза.
**Т1екхача таро йолу информаци**:
Läkemedelsförsäkringen
Försäkringsbolaget Zürich
Box 5069
102 42 Stockholm
Tel 08 57 93 30 00
Internet address: www.lakemedelsforsakringen.se

**Пациентийн накъосталла**
Пациентийн кхеташон декхар ю шайна тIехь психиатрин нуьцкъал дарба лелочарна накъостий лаха. Цаьршина юкъахь дерг кхин цхьанна а хаа мегаш дац. Накъосталла деш волчун Пациентийн кхеташонца даима зIе хила еза. Иштта, иза накъосталла деш волчун шен алап ду луш. Хьан интерес елахь, пациентийн кхеташоне дIахьедар де.

**Крунуберг областан Пациентийн кхеташон куьйгалла:**
ЗIаьй тоха: 0470-58 85 42, э-пошт: patientnamnden@ltkronoberg.se